**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–21.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

——————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चौबीस फरवरी के भागलपुर मे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधिक उन्नैसम किस्त निर्गत करताह। केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ नव दिल्ली मे जनौलनि जे देश भरिक दू करोड़ पचास लाख किसान एहि कार्यक्रम मे व्यक्तिगत आ ऑनलाईन रूप सँ सम्मिलित हेताह। ओ कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत एखन धरि कुल तीन लाख छियालीस हजार करोड़ टाका जारी कयल जा चुकल अछि।

————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक अंतिम दिन पटना जिलाक भ्रमण कयलनि। मुख्यमंत्री पटना लेल करीब एक हजार चारि सय पांच करोड़क छओ सय सँ बेसी योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि क्रम मे ओ प्रसिद्ध उमानाथ महादेव मंदिरक निरीक्षण कऽ एहि ठाम चलाओल जा रहल विकास कार्यक्रमक समीक्षा कयलनि। श्री कुमार बाढ़ प्रखंडक बेढ़ना पंचायत मे पंचायत सरकार भवन, पुस्तकालय आ हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर मे टेलिमेडिसिन सुविधाक शुभारंभ कयलनि। बाढ़ के बाद मुख्यमंत्री दानापुर अनुमंडलक मनेर पहुचलाह। ओ जे.पी. सेतु सँ कोइलवर धरि प्रस्तावित रिंग रोड़क शिलान्यास आ छितनमा रोड़ के रिमोट सँ उद्घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री रूपसपुर मे नहर रोड़क चौड़ीकरणक शिलान्यास कयलनि आ कदमकुआँ मे बहुमंजिला मार्केट भवनक आ पटना मे मल्टी लेवल कार पार्किंग तथा मॉडल वेडिंग जोनक उद्घाटन सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री संग उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सहित आनो अधिकारी उपस्थित छलाह।

————————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा कहलनि अछि जे पछिला दस वर्ष मे स्वास्थ्य पर होबयवला खर्च चौसठि प्रतिशत सँ घटि कऽ करीब उनचालीस प्रतिशत रहि गेल अछि। नव दिल्ली मे अंतर्राष्ट्रीय स्वास्थ्य संवाद– दू हजार पच्चीसक बारहम संस्करण के संबोधित करैत ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजनाक संग–संग राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिशन आ आनो योजनाक अंतर्गत प्रदान कयल जा रहल सेवाक कारण स्वास्थ्य पर होबयवला खर्च मे कमी भेल अछि।

——————————————————————

केन्द्रीय मंत्री आ जदयूक वरिष्ठ नेता राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव पर निशाना लगबैत कहलाह जे ओ कहियो मुख्यमंत्री नहि बनि सकताह। श्री सिंह आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे अपराधक विषय मे नेता प्रतिपक्ष के किछु पता नहि छनि।

——————————————————————

प्रयागराजक महाकुंभ सँ घुरि रहल छओ तीर्थयात्रीक आइ सवेरे भोजपुर मे सड़क दुर्घटना मे मृत्यु भऽ गेलनि। आरा–मोहनिया राष्ट्रीय उच्च मार्ग पर दुल्हनगंज बाजार स्थित पेट्रोल–पंप लऽग ई दुर्घटना तखन भेल जखन तीर्थयात्रीक तेज गति वाहन एक ठाढ़ ट्रक मे पाछा सँ टक्कर मारि देलक। मृतक मे चारि महिला आ दू पुरूष सम्मिलित छथि।

——————————————————————

महाशिवरात्री पर अमृत स्नान लेल प्रयागराज जायवला श्रद्धालु लोकनिक सुविधा के देखैत रेलवे कतेको प्रबंध कयलक अछि। रेलवे द्वारा जारी विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे पूर्व मध्य रेलवेक उन्नैस प्रमुख स्टेशन पर होल्डिंग एरियाक निर्माण कराओल गेल अछि। पटनाक तीन स्टेशन– पटना जंक्शन, राजेन्द्र नगर टर्मिनल आ दानापुर मे दू–दू होल्डिंग एरिया बनाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त दरभंगा, सहरसा, आरा, बक्सर आ बेगूसराय समेत आनो स्टेशन पर होल्डिंग एरियाक निर्माण कराओल गेल अछि। होल्डिंग एरिया मे यात्री लोकनि के बैसबाक, पेयजल आ रेलगाड़ीक जनतब लेल इलेक्ट्रॉनिक डिस्प्ले लगाओल गेल अछि। संगहि, एहि क्षेत्र मे पुलिसबल सेहो उपस्थित रहत।

---

दरभंगा मे आइ सँ प्रेस क्लब अपन भवन मे काज करय लागल। प्रदेशक सूचना आ जनसंपर्क मंत्री महेश्वर हजारी आइ सरकार द्वारा बनाओल गेल प्रेस क्लब भवनक उद्‌घाटन कयलनि। एहि अवसर पर दरभंगाक जिलाधिकारी राजीव रौशन समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

दरभंगा मे डीएमसीएचक शताब्दी समारोहक अंतर्गत वैज्ञानिक कार्यक्रमक आइ उद्‌घाटन भेल। एहि अवसर पर चिकित्सा अनुसंधान मे आर्टिफिशियल इन्टेलिजेंस विषय पर एक कार्यशालाक आयोजन भेल। जाहि मे विभिन्न संकायक सदस्य आ पीजी विद्यार्थी लोकनि सम्मिलित भेलाह।

---

समाप्त